

Jel pou vajen Phexxi

Sibstans pou ajiste kantite idwojèn (sig anglèa : pH Modulator), vazlin prezèvatif, vazlin vajinal, vazlin pou fè planin, vazlin Phexxi pou bouboun



Kijan Phexxi a fonksyone ?



- **Phexxi** a, se yon vazlin ou mete nan bouboun ou, pou anpeche gwo sès, paske li **diminye kantite idwojèn (sig anglè a : pH) nan bouboun nan, sa ki fè espèm lan pa ka deplase, oswa « naje » kòmsadwa.** Espèm lan pa ka deplase al kote ze a ye, pou feconde l.
- Mak fabrik **Phexxi** a se sèl sibstans pou ajiste kantite idwojèn (sig anglè a : pH Modulator) FDA (ki vle di : Administrasyon manje ak medikaman) apwouve. Souvan, yo konsidere l kom yon krèm pou detwi espèm, men li fonksyone yon lòt fason.
- **Phexxi** a mache pou moun ki gen **nepòt pwa, nepòt laj, ak moun sa yo ki fè tretman ak òmòn, pou afime sèks yo.**

Kijan ou itilize Phexxi a ?

mete
avan w fè
sèks

Ou dwe al wè yon pwofesyonèl lasante (an pèsòn, oswa nan konsiltasyon an liy) avan w kòmanse itilize **Phexxi** a.

Ou dwe itilize **Phexxi** a avan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijn e bouboun.

- Mande pwofesyonèl lasante w yon preskrispsyón pou **Phexxi**, pou w ka al pran l nan famasi a. Y ap ba ou aplikatè, ki déjà ranpli, pou w ka mete **Phexxi** a nan bouboun ou. Konsève **Phexxi** a nan tanperati anndan kay la, jiskaske ou pare pou w itilize li. Toudabò, pouse piston an antre nan aplikatè a, pou w ka konekte de pyès yo ansam. Ansuit, retire kapichon wouj la ki nan pwent aplikatè a. Mete aplikatè a nan bouboun ou, menm jan avèk lè w ap mete yon kotèks, toutotan li ka rantre alèzman. Yon fwa li nan bouboun ou, peze vazlin lan rantre nan bouboun ou, avèk piston an w ap pouse antre nan aplikatè a, jiskaske li pa ka kontinye antre pi fon. Retire aplikatè a soti nan bouboun ou.
- Mete **Phexxi** a avan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijn e bouboun (fè sèks). Ou ka mete li jis avan ou kòmanse fè sèks, nan moman n ap karese, oswa pa plis pase 1 nèdtan avan w fè sèks. W ap gen pou w itilize yon nouvo aplikatè **Phexxi**, avan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijn e bouboun, menm si se nan menm 1 èdtan an ou fè sèks plizyè fwa a.



Entimite ak kontwòl

- Ou bezwen gen yon pwofesyonèl lasante, pou w kòmanse ak kontinye itilize **Phexxi** a pou lòt preskrispsyón ankò. Ou ka deside sispann itilize **Phexxi** a poukout ou.
- Patnè w la ta ka konnen w ap itilize **Phexxi** a, nan moman rapò seksyèl, si li remake vazlin lan. **Phexxi** a ka gen yon ti gou sitwon.
- Yon moun k ap viv avèk ou, oswa ki gen asirans ansam ak ou, ka wè yon bòdwo asirans ou voye pou ou.
- Yon lòt moun pa p ka wè si w ap itilize metòd sa a. Yon moun ta ka wè dòz **Phexxi** w ap itilize a, oswa jwenn aplikatè ou jete yo.

Lè w kòmanse ak Phexxi a, èske l ap fè efè imedyatman ?



Wi, **Phexxi** a fè efè l, nan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijn e bouboun, si w mete li nan bon moman an. Nan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijn e bouboun, ou dwe mete yon nouvo dòz, menm si ou fè sèks plis pase yon sèl fwa nan menm 1 èdtan an. Si gen plis pase inèdtan depi ou te mete l, avan w fè sèks, oswa si w pa byen mete li (si dòz lan pa konplè), li pa p fè efè.



Phexxi a gen dwa pa awopriye pou moun ki

Yo fè enfeksyon nan kanal pipi souvan.

Lis sa a pa konplè, kidonk pale ak pwofesyonèl lasante w la, sou sitiayson sante ou, avan w kòmanse avèk metòd sa a.




Itilize planin an ijans, si

- Ou pa t mete **Phexxi** a nan entèval 1 èdtan, anvan w fè sèks.
- Ou gen enkyetid ou **pa t mete tout dòz Phexxi ki nan aplikatè a.**

Èske Phexxi a bon anpil pou anpeche gwosè ?

- An mwayèn, **14 nan 100 moun ki itilize Phexxi a, ap tonbe ansent chak ane.** Sa vle di li **86% efikas**, lè w itilize l nòmalman. Itilizasyon nòmal la konsidere avèk ki fasilité yon moun itilize **Phexxi** a. Gen kèk moun ki pa p ka mete **Phexxi** a nan entèval inèdtan avan chak rapò seksyèl, kote gen kontak ant pijon e bouboun nan, oswa mete dòz la okonplè.
- Lè w itilize l pafètman byen, ki vle di lè ou itilize **Phexxi** a kòrèkteman chak fwa, 7 nan 100 moun ki itilize l yo ap tonbe ansent chak ane. Li efikas a 93%.
- Apa sèk pou bouboun nan, ou ka itilize tout lòt metòd planin yo ansanm ak Phexxi a, pou fè plis pwoteksyon pou anpeche gwosè.**



Efè segondè

Enfeksyon ki transmèt nan fè sèks : Li pa p anpeche yo.

- Itilize kapòt ekstèn oswa entèn yo, pou diminye risk pou w pran tout enfeksyon ki transmèt nan fè sèks yo.

Règ : Pa gen efè.

Doulè lè w gen règ : Pa gen efè.

Pwa : Pa gen efè.

Akne : Pa gen efè.

Ou vin ka fè ptit ankò : Lè w sispann itilize **Phexxi** a, ou ka vin ansent tousuit.

Kèk lòt efè segondè ki posib :

- Pikotman, gratèl, malèz, oswa doulè nan bouboun
- Enfeksyon ak chanpiyon
- Enfeksyon nan kanal pipi
- Likid ap soti nan bouboun nan
- Pikotman, gratèl, oswa doulè nan pijon patnè a



Itilizasyon apre akouchman

Ou ka itilize **Phexxi a san danje, tousuit aprè akouchman.** Li pa gen efè sou lèt w ap pwodui, sou bay tibebe tete, oswa devlopman tibebe a.



Pran kontak ak pwofesyonèl lasante w la, si ou gen

- Reyakson alèji
- Enfeksyon nan blad pipi
- Enfeksyon nan ren



Men kesyon pou w poze pwofesyonèl lasante w la

- Èske m ka itilize twòp **Phexxi?**
- Pou kisa m pa ka itilize **Phexxi** a avèk sèk nan bouboun nan ?
- Èske m ka pran douch, si m ap itilize **Phexxi** a ?
- Sa ki fè **Phexxi** diferan ak espèmisid (vazlin pou tiye espèm) la ?
- Pou konbyen tan ou ka ban m yon preskripsyon ?

Tcheke yon gid sou planin, ak papye ki gen enfòmasyon sou chak metòd planin yo.

